# Yàlla ak ub yonnenteem araamal na ñu jaay sàngara, ak médd, ak mbaam xuux, ak ay xërëm

Jële nañu ci Jaabir ibn Abdul Laahi yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne dégg na Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ca bisub Ubbiteg Màkka ga muy wax naan: "Yàlla ak ub yonnenteem araamal na ñu jaay sàngara, ak médd, ak mbaam xuux, ak ay xërëm", ñu ne ko yaw Yonnente Yàlla bi, luy mbiri gereesu médd? Dañu ciy diw gaal yi, di ci diw der yi, nit ñi di ci leerale? Mu ne: "déedéet, dafa araam", Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di wax ne: "yal na Yàlla ray Yahuud yi, ba Yàlla araamalee ci ñoom gerees ga dañu ko a seeyal, jaay ko, lekk njëg ga".
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Jaabir ibn Abdul Laahi yal na leen Yàlla dollee gërëm dafa dégg Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu nekk Màkka ca atum ubbite ga, muy wax naan: Yàlla ak ub yonnenteem araamal na ñu jaay sàngara ak médd ak mbaam xuux ak ay xërëm, ñu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, ndax dagan na nu jaay gereesu médd? Ndaxte dañu ciy diw gaal yi, di ci diw der yi, nit ñi di ci taal seen i Làmp, mu ne leen: déedéet, jaay ko dafa araam, topp Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di wax ne: yal na Yàlla alag Yahuud yi, rëbb leen; ba Yàlla araamalee ci ñoom gereesi bayima yi, dañu ko a seeyal, daal di jaay diw ga, lekk njëg ga.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4556

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee